



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO SELEKSYONE UTICA KÒM VIL ÒGANIZATÈ
POU CHAPYONA MONDYAL FEMINEN FEDERASYON ENTÈNASYONAL ÒKI SOU
GLAS 2024 LA**

*Meyè jwè feminen òki nan mond lan pral fè konpetisyon nan Mohawk Valley nan
prentan 2024 la*

Konpetisyon entènasyonal prestijye retounen nan New York apre 30 ane

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te seleksyone Utica kòm vil òganizatè pou Chanpyona Mondyal Feminen Federasyon Entènasyonal Òki sou Glas (International Ice Hockey Federation, IIHF) 2024 la, ki pwovizwaman pwograme pou 4-14 avril 2024. USA Hockey pral òganize evènman an ansanm ak Otorite Oditoryòm Memoryal Zòn Nò Rejyon Mohawk Valley a ak Adirondack Bank Center ak Utica University Nexus Center. Chanpyona Mondyal Feminen IIHF a se tounwa entènasyonal prensipal nan òki sou glas nan kategori fanm yo. Utica pral akeyi dis ekip entènasyonal, 350 jwè, 30,000 espektatè lokal ak 20,000 espektatè pandan lannwit nan Mohawk Valley.

"Chanpyona Mondyal Feminen 2024 IIHF la nan Utica pral make pwochen chapit eritaj espò ivènal New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke òganizatè chanpyona mondyal fanm IIHF 1994 la, ansanm ak Je Olenpik Ivènal 1932 ak 1980 ak Je Mondyal Inivèsité pandan Ivè FISU ane sa a, Eta New York fyè de angajman li genyen anvè espò ivènal ak aktivite touristik. Kounye a, gras ak investisman enpòtan Eta ak amelyorasyon nan enfrastrikti lokal yo, Kontente Utica ak Konte Oneida ap prepare yo pou yo akeyi plizyè milye atlèt ak espektatè pou tounwa òki feminen sou glas ki pi konpetitif nan mond lan epi akeyi mond lan nan Mohawk Valley."

Prezidan Federasyon Entènasyonal Òki sou Glas la, Luc Tardif, te deklare, "Nan non IIHF, mwen ta renmen felisite Vil Utica paske li te resevwa onè pou òganize Chanpyona Mondyal Feminen IIHF 2024 la. Se bèl bagay pou w retounen nan Etazini pou tounwa feminen enpòtan sa a, e plis ankò pou w retounen nan eta New York, ki te òganize Chanpyona Mondyal Feminen Òki sou Glas IIHF la nan kategori U18 ak Chanpyona Mondyal Jinyò IIHF la men li pa te òganize Mondyal Feminen yo depi nan ane 1994. Dènye fwa Chanpyona Mondyal Feminen IIHF la te òganize pa USA Hockey se te an 2017, kote yo te moutre listwa, se te youn nan evènman IIHF ki pi enpòtan ak

enteresan pou tout tan. Anpil bagay chanje nan jwèt fanm yo soti nan ane 1994 a 2017 jiska jodi a, e byenke fanatik yo pral sètènman kontan anpil pou yo temwen yon lòt chapit nan rivalite eksepsyonèl Etazini ak Kanada a, nou ankouraje tou moun yo gade ekip yo ki soti an Ewòp ak Ekstrèm Oryan k ap ratrape epi fèmèn vid sa a. Fenlann ak Syèd, Repiblik Tchèk ak Swis, Almay ak Japon yo tout te gen pèfòmans eksepsyonèl nan Brampton, Ontario, an 2023, epi nou espere nasyon sa yo defye Ameriken Nò yo plis toujou an 2024 la."

Direktè Egzekitif USA Hockey a, Pat Kelleher, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou gen Chapyona Mondyal Feminen IIHF la ki tounen nan Etazini epi nou pa ka plis eksite pou nou mennen evènman an nan Utica. Lidèchip gwoup Mohawk Valley Garden lan, ki te dirije pa Robert Esche, an patenarya avèk nou, epi sipò Eta New York, Konte Oneida, Turning Stone Resort ak vil Utica te fantastik. Se pa souvan nou òganize chanpyona mondyal nan Etazini, epi nou konnen fanatik yo pral jwi opòtinite pou wè pi bon jwè òki feminen yo nan mond lan an pèsòn avril pwochen."

Prezidan Mohawk Valley Group la ak Ansyen Gadyen NHL, Robert Esche, te deklare, "Òganize yon evènman prestijye menm jan ak Chapyona Mondyal Feminen IIHF la se vrèman yon onè epi li make yon lòt etap enpòtan pou Utica University Nexus Center ak Adirondack Bank Center pandan n ap kontinye grandi epi kontinye devlope repètwa espò a nan vil Utica. Nou gen anpil chans pou nou kapab montre pi wo nivo òki fanm lan nan mond lan epi nou espere fè patenarya ak USA Hockey pou kreye pi bon eksperyans posib."

Majistra Utica a Robert M. Palmieri te deklare, "Mwen kontan dèske Vil Utica pral òganize Chapyona Mondyal Feminen Òki sou Glas Entènasyonal la. Sa a se yon lòt siy momantòm nou an ak gwo potansyèl nou antanke vil. Vil Utica gen yon baz fanatik Hockey ki anraje ak yon kilti ospitalite divès ki pral fè evènman sa a vin yon eksperyans inoubliyab pou ekip yo ak rezidan nou yo. Tout sa posib paske Eta New York, Konte Oneida, Mohawk Valley Gardens ak Vil Utica te pataje yon vizyon ak angajman pou pèmèt Utica University Nexus Center pote fwi. Mèsi, Gouvènè Hochul ak tout lòt patnè yo ki te fè anons sa a posib. Vil nou an pral pare pou òganize yon evènman klas mondyal epi nou kontan pou premye rondèl la tonbe."

An desanm 2022, Gouvènè Hochul [te anonse](#) gran ouvèti nouvo Utica University Nexus Center a k ap koute 4 milyon dola nan anba lavil Utica, ki te sipòte pa 22 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a. Konplèks rekreyatif ak spòtif ki baze sou tounwa ki gen 170,000 pye kare yo pral itilize pou òki sou glas, lakròs an anklo, foubòl ak lòt spò sou tèren yo, epi atire ekip konpetitif atravè Etazini ak Kanada a. Yo prevwa Nexus Center ta dwe resevwa 24 tounwa oki ak 24 tounwa lakròs chak ane, sa k ap akeyi plis pase 320,000 vizitè anyèl epi genere plis pase 26 milyon dola chak ane nan depans vizitè dirèk.

Eta New York te sipòte Adirondack Bank Center ak 10.5 milyon dola pou amelyorasyon nan etablisman an. Anplis de sa, yo te chwazi Anbalavil Genesee Street Utica kòm gayan 10 milyon prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown

Revitalization Initiative, DRI) an 2019, ki ap ede vil la vin jwenn yon avni ki pi briyan lè li atire nouvo biznis, rezidan ak vizitè nan Utica.

Investisman sa yo apiye ak kontinye angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou pwofite ak selebre eritaj espò ivènal ki rich yo nan New York, ki gen ladan sipò resan Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo ki te fèk fèt nan Lake Placid ak nan kèk sit atravè North Country.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Sa a se yon prèv pozitif ke investisman estratejik nou yo nan pwojè tankou Utica University Nexus Center, ak inisyativ tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la pral fè ekonomi an avanse. Nou kontan selebre siksè Utica epi nou kontan dèske plizyè milye vizitè pral fè eksperyans gwo kilti òki nan Utica ak gwo atraksyon nan rejyon Mohawk Valley a."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "I LOVE NY kontan anpil pou l reyakeyi Chanpyona Mondyal Feminen IIHF la nan Eta New York. Utica se non sèlman yon gwo vil òki; vil la ak rejyon ki antoure li yo ofri gwo atraksyon ak aktivite pou kreye yon vakans konplè pou alafwa patisipan tounwa yo ak espektatè yo. Soti nan eksperyans gastronomik inik pase nan sit istorik rive nan lwazi deyò, nou pa ka tann pou nou pwomouvwa tounwa a kòm dènye opòtinite pou vwayajè yo jwenn sa yo renmen nan Eta New York."

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Anons ke Chanpyona Mondyal Feminen 2024 IIHF la ap vini nan Adirondack Bank Center nan Utica Memorial Auditorium ak Utica University Nexus Center se yon nouvèl ki enteresan pou Vil Utica, Konte Oneida, Mohawk Valley ak New York Santal. Evènman sa pral yon gwo motè ekonomik pou restoran, otèl, biznis yo ak kominote yo nan zòn nan epi li pral yon opòtinite enpòtan pou montre tout sa rejyon an gen pou ofri pou plizyè milye vizitè ak espektatè atravè mond lan. Mwen apresye efò tout moun ki te patisipe nan fè lide sa a vin yon reyalite epi mwen pa ka tann antouzyas, aktivite ak gwo òki ki pral akonpaye li."

Manm Asanble, Marianne Buttonschon, te deklare, "Sa a se yon opòtinite etonan pou vil la paske li pral yon moman pou Kominote a montre sa Utica gen pou ofri. Mwen plis ke rekonesan pou lejislasyon parèy mwen yo ak gouvènè a pou sipò yo pou Utica University Nexus Center, vil la ak rejyon Mohawk Valley a. Adirondack Bank Center ak Nexus se enstalasyon eksepsyonèl ki merite gwo rekonesans sa a."

Chanpyona Mondyal Feminen IIHF la te depite an 1990 epi dènye fwa li te fèt nan Eta New York se te an 1994 lè Lake Placid te òganize konpetisyon an. Etazini te òganize Chanpyona Mondyal Feminen IIHF la nan kat okazyon anvan yo, lòt vil òganizatè yo te enkli Burlington, Vermont ak Minneapolis. Kanada ak Etazini te domine Chanpyona a depi lè kòmansman li. Kanada te genyen meday lò nan uit premye tounwa yo youn apre lòt epi Etazini te genyen meday lò nan nèf nan onz dènye tounwa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)